# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴÍ BALALARDÍ MIYNETKE TÁRBIYALAWDA QARAQALPAQ XALÍQ ERTEKLERINIŃ ORNÍ HÁM ROLI

**A.A.Bekimbetova** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*
*Mırza Ulıǵbek atındaǵı Ózbekstan milliy universiteti*
**R.Sh.Alewova** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'lar:** mehnat tarbiyasi, kattalar mehnati, mehnat ko'nikmalari, aloqiy fazilatlarni shakllantirish, xalq ertaklari, badiiy adabiyot, rivojlanish, shaxs.

**Ключевые слова**: трудовое воспитание, труд взрослых, трудовые навыки, формирование нравственных качеств, народные сказки, художественная литература, развитие, личность.

**Key words**: labor education, adult labor, labor skills, formation of moral qualities, folk tales, fiction, development, personality.

**Kirisiw.** Mámleketimizde jámiyetlik qarım-qatnasıqlar mazmunı jańalanıp atırǵan waqıtta ósip kiyatırǵan jas áwladtı miynetsúyiwshilik ruwxında tárbiyalawdı jańasha tiykarda, bir tárepten, milliy pedagogikalıq dástúrler tiykarında ekinshiden, rawajlanǵan mámleketler tájiriybesinen paydalanǵan halda alıp barıwǵa jámiyetlik zárurlik sıpatında qaralmaqta. Sebebi, miynet jámiyetlik rawajlanıwdıń deregi, barlıq materiallıq hám ruwxıy mútájliklerdi ámelge asırıwdıń tiykarǵı shárti. Miynet –insan iskerliginiń tiykarǵı túri, insan ómiriniń mazmunı, hárbir jámiyet aǵzasınıń wazıypası, shaxs rawajlanıwınıń tiykarı. Eń dáslep payda bolǵan tárbiya túri de – miynet tárbiyası. Sonlıqtan da, balalardı mektepke shekemgi jastan baslap miynetke úyretiw úlken áhmiyetke iye. Ata-babalarımız ul bala hám qız balalardıń miynetin bir-birinen ajıratıwǵa, balalardıń jasına qarap miynetti bólistiriwge, miynet quralları arqalı unamlı ádetlerdi tárbiyalawǵa úyretip barǵan hám bul boyınsha kóp tájiriybelerge iye bolǵan. Balalar kúndelikli úy jumıslarına, diyqanshılıq, baǵmanshılıq, sharwashılıq jumıslarında ata-analarına járdem berip kelgen. Ata-analar, jası úlken adamlar balalarda miynetsúyiwshilik pazıyletlerdi tárbiyalaw boyınsha úlgi kórsetip kelgen. Al, xalıqtıń miynetke bolǵan múnásibeti– qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında «Miynet – túbi ráhát», «Kóz qorqaq, qol batır», «Miynettiń jolı qattı, nanı tatlı», «Ilimdi miynetsiz iyelep bolmas» hám t.b. sıyaqlı óz sáwlesin tapqan bolıp, insanlardı miynet etiwge shaqıradı.

**Adebiyatlar analizi hám metodlar.** Ózbekstan milliy enciklopediyasında «Miynet tárbiyası – tárbiyanıń áhmiyetli túri, jeke adamdı qáliplestiriwdiń zárur shártlerinen biri bolǵan pedagogikalıq process» dep anıqlama berilgen [2:496]. Al, alım Ó.Alewov bolsa, «Jasaw ushın miynet etiwge umtılıw menen baylanıslı payda bolıp atırǵan az da bolsa tájiriybe úyretiwshilik hám órnek alıwshılıq qubılısları áyyemgi adamshılıq jámiyeti turmısındaǵı miynet talapları sıpatında júzege kelip, olardıń óz ara qatnasınıń tiykarǵı táreplerin tártipke salıwǵa sebepshi bolǵan» [1:22] - dep aytıp ótken.

Sonlıqtan da, mektepke shekemgi jastaǵı balalardı hár tárepleme rawajlandırıwda miynet tárbiyasınıń ornı ayrıqsha áhmiyetke iye. Miynet tárbiyası balalarǵa miynettiń mazmunın tereń ańlaw, olarda miynetke sanalı múnásibet, sonıń menen, belgili sociallıq paydalı háreket kónlikpe hám tájiriybelerdi qáliplestiriwge baǵdarlanǵan pedagogikalıq xızmet procesi bolıp esaplanadı. Al, miynet tárbiyasınıń maqseti bolsa, balalarda miynetke sanalı múnásibetti qáliplestiriwden ibarat. Sonıń menen, miynet arqalı balalardı hár tárepleme rawajlandırıw, ruwxıy, ádep-ikramlılıq pazıyletlerdi qáliplestiriw, keleshektegi miynet xızmetine ruwxıy jaqtan tayarlaw, olarǵa miynet etiw qálewin sińdirip barıw da ayrıqsha áhmiyetke iye. Ásirese, balalardı hár tárepleme rawajlanǵan jeke adam sıpatında qáliplesiwinde xalıq awızeki dóretiwshiliginiń ornı ayrıqsha. Sonday-aq, Ózbekstan Respublikasınıń Mektepke shekemgi tálim sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw konsepciyasında mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tálim-tárbiya procesinde kórkem ádebiyat tiykarında tárbiya procesiniń nátiyjeligin asırıw zárurligi, balalar tárbiyasında balalar ádebiyatı úlgilerinen orınlı hám nátiyjeli paydalanıw, olardı kórkem shıǵarmalar menen tanıstırıw aktual máselelerden biri ekenligi kórsetip ótilgen [3].

**Nátiyjeler.** Xalıq awızeki dóretiwshiliginde eń bay janrlardıń biri ertek bolıp tabıladı. Ertekler xalıqtıń turmısı, milliy úrp-ádetleri, dástúrleri, arzıw-ármanların sáwlelendirip, balalarǵa ruwxıy, ádep-ikramlılıq hám kórkem azıq berip baradı. Xalqımız "Ertekler jaqsılıqqa jetekleydi", dep qurı aytpaǵan. Ertekler balalardıń sanası hám kewline jaqsı pazıyletlerdi sińdirip, olardıń ruwxıy álemin bayıtıwda zárur áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Olar járdeminde balalardıń este saqlawı, dıqqatı, oylawı rawajlanadı.

Qaraqalpaq xalqı óz erteklerinde kórkem obrazlar arqalı óziniń dúnyaǵa kózqarasın, ádep-ikramlılıq normaları hám basqa jámiyetlik máselelerdi qoyǵan hám ózinshe sheship barǵan. Xalıqtıń keleshekke isenimi, ádilliktiń ádilsizliktiń ústinen jeńip shıǵıwı, azat hám baxtiyar turmısqa erisiw sıyaqlı ideyalar erteklerde obrazlar arqalı sáwlelengen. Mısalı, «Qurbaqa menen tıshqan», «Jalǵız qoylı shopan hám sawdager», «Túlki menen qoraz», «Iyttiń nesiybesi», «Aq kewilli jigit» sıyaqlı erteklerdi alıp kóreyik. Bunday erteklerde miynetkesh xalıqtıń turmısı, qayǵısı hám quwanıshı, baxtı, jaqsı jasaw haqqındaǵı

niyetleri, ármanları sáwlelengen bolıp tabıladı. Miynetkesh xalıqtıń turmıs sharayatın jaqsılawǵa qaratılǵan bunday erteklerdiń qaharmanları túrli insanlar: birewi–jumıssız kambaǵal, birewi– padashı, birewi ańshı – mergen. Biraq, hámmesiniń hám umtılıwı, hám niyeti bir: jaqsı jasaw, el-jurtı ushın xızmet etiw – bul jolda dus kelgen tosıqlardan batırlıq, sabırlılıq, shıdamlılıq, shaqqanlıq, miynetkeshlik penen jeńip ótiwden ibarat.

Sonlıqtan da, mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tárbiyashıları hám ata-analardıń aldında turǵan wazıypalardıń eń zárurlisi balalardı miynetke muhabbat ruwxında tárbiyalawdan ibarat. Bul tárbiya da ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Nege degende, balanı kishkene waqtınan baslap bir iske úyretiw, oǵan bir jumıs berip, jumıs islew kónlikpelerin qáliplestirip barıw zárur bolıp tabıladı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde orınlanıwı kerek bolǵan jumıslardı balanıń ózi óz betinshe islewi kerek, biraq bul uqıplılıqlar birden payda bolmaydı, al áste-aqırın júzege kelip baslaydı. Bul jerde jáne bir nárseni aytıp ótiw kerek, hárbir isti óz waqtında orınlawǵa úyretiw, sebebi iske ádetlendiriw qanshelli zárur bolsa, isti óz waqtında orınlaw sonday dárejede zárur. Sonlıqtan da, hár isti óz waqtında juwapkershilik penen orınlaw lazım. Sebebi, dúnyadaǵı barlıq tiri organizmler háreket etedi, umtıladı hám sol sebepli ómirde zárur bolǵan nárselerge jetisedi. Hátteki, eń ázzi esaplanǵan hárre, qumırsqalar, quslar da umtılıwda bolıp, jazda qıs ǵamın jeydi. Insanlar sıyaqlı miynetkesh qumırısqalar, tıshqanlar haqqında xalıq dóretken "Qurbaqa menen tıshqan" ertegin balalarǵa oqıp, gurriń etip, aytıp beriw jaqsı nátiyje beredi.

Bul ertekte diyqannıń atızda qalǵan eginin tıshqan menen qurbaqa jey bergenligi, tıshqan toyǵanınan awısqanın uyasına aparıp jıynay bergenligi haqqında aytıladı. Keyin qurbaqa toyǵanına más bolıp warıq, sharıq etip jure bergenligi, sóytip jurgende jaz ótip ketkenligi, tıshqan jaz aylarında jeytuǵın qıs azıǵın jıynap alǵanlıǵı aytıladı. Sonnan keyin, qurbaqa qısta awqat tappay: - Kelesi jazda tawıp bereyin, – dep tıshqanǵa qarız sorap baradı. Sóytip, tıshqanǵa qurbaqa bir aqsham miyman boladı. Ekinshi kuni tıshqan qurbaqanı uyinen shıǵarıp jiberedi.

Tıshqannıń uyinen toyıp shıqqan qurbaqa qıstıń ayazlı kuninde qaydan awqat tapsın, ári jurip, beri jurip ash boladı, zorǵa degende japtıń boyına barıp qıstıń ayazına shıday almay tarbayıp qatıp qaladı. Erteklerdegi qumırısqanıń miynetkeshligi, kúni-túni tınbay miynet etiwi hám de usı qumırısqa obrazı arqalı balalardı miynet etiwge, insannıń ómir súriwi ushın miynettiń zárurligi hám de olardı miynetsúyiwshilikke tárbiyalap barıladı. Haqıyqattan da, kim islese, tınım bilmey miynet etse densawlıǵı jaqsı boladı, jaqsı jasaydı. Tıshqan maqtanshaq emes, ol ápiwayı, qurbaqadan miynetkeshligi menen ajıralıp turadı hám óziniń miynetkeshligi arqalı qıstan aman shıǵadı.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa usınıs etiletuǵın erteklerdiń tiykarǵı bólimi tuwrı sóylew, hadallıq, ádillik, ótirik sóylemew, birewlerdi aldamaw, qıyanet etpew sıyaqlı mazmunnan ibarat. Máselen, qaraqalpaq xalıq ertegi – «Jalǵız qoylı shopan hám sawdager» ertegindegi qaharman shopan óziniń miynetkeshligi, tuwrı sózligi menen balalarda unamlı tásir qaldıradı.

Shopan qoyın baǵıp tursa, joldan ótip baratırǵan kárwandı kóredi. Dárhal juwırıp barıp:

– Aǵa, – deydi kárwanbasıǵa, bolǵan waqıyanı bayan etip, – sizler kóp eldi gezetuǵın kárwansızlar, múmkin qoy terisiniń de kerek jeri tabılar, nege ótse de usı terimdi satıp ákep berińler, men usı jolda birdeyine qoy baǵıp júremen. Kárwanbası terini alıp kete beredi. Kárwanlar bir qalaǵa barıp, bir-eki kún bolıp, sawdaların pitkerip taǵı bir qalaǵa júrmekshi bolıp turǵanda, balanıń amanatı yadına túsedi. Bul waqıtta bazar tarqap, kesh bolǵan waqıt edi. Sóytip turǵanda bir bala kiyatır eken, qolında oynap kiyatırǵan pıshıǵı kórinedi. Kárwanbası pıshıǵındı satasańba deydi balaǵa.

– Sataman, – deydi bala.

Shopan nege ótse soǵan ber degennen soń terini pıshıqqa almastırıp, pıshıqtı alıp kárwan kete beredi. Kárwan ekinshi qalaǵa barsa, ol jerdiń xalqı tıshqannan zıyan tartıp, dánin, atızdaǵı eginin qalay qıların bilmey sarsań eken. Ol qaladaǵı xalıq pıshıqtı kóp-kóp altınlar berip satıp aladı. Kárwanbası ol aqshanı úlken bir qapqa salıp, óz sawdaların da pitkerip eline qaytadı. Az júrip, kóp júrip bayaǵı shopannıń awılına bir kúnlik ǵana qaladı. Sol jerge kelip kárwan túneydi. Ot jaǵıp óyer-búyerden sóylesip otırǵanda, birewi sóz qozǵaydı.

– Joralar, – deydi ol. Usı shopannıń bizge bergeni bir jaman qoy teri, oǵan bizler bir qap tillá artıp kiyatırmız, onnanda ol tillanı bólisip alayıq. Shopanǵa bes-altı qara pul bersek bolǵanı emes pe. Bul sóz barlıǵına maqul túsip, tillanı teń bólisip aladı. Tamaqların jep, artıwlı dúnyası menen túyelerin kúndegishe óz qaslarına shóǵirip jatıp qaladı.

Azanda kárwanlar oyanıp qarasa, astına tósegen alashalardan basqa heshnárse joq. Olay-bulay izleydi. Hesh jerden taba almaydı. Usılayınsha sarsań bolıp otırǵanda bulardıń ústine bir jigit kelip istiń máni-jayın soraydı. Kárwanlar barlıq túye menen dúnyaların joǵaltqanın aytadı.

– Olay bolsa, – deydi jigit, - búgin sizler qanday jaman is qıldıńız?

– Heshqanday – deydi kárwanlar.

– Yaq ótirik sóyleysizler, – deydi jigit, – búgin qanday bolsa da bir jaman is qilǵansız. Sebebi, biz qırıq qaraqshımız, bizler urlap alamız, tartıp alamız,

áytewir qaraqshılıq penen kúneltemiz. Sizler elden shıqqannan baslap, sizıń izińızdi ańlıw menen júrmiz. Sizdegi túyeler menen dúnyanı alıwdı oyladıq. Sizler jatqanda hár kúni kelip kettik. Qashan kelsek te siziń átirapıńız temir qala menen qorshawlı turatuǵın edi, sonnan keyin heshnárse ala almay kete beretuǵın edik. Al, búgin kelsek temir qala túwe heshnárse de joq, sóytip aldıq ta kettik. Bunıń tiykarında qanday bolmasın bir káramat bar, jasırmay ayta berińler, - deydi. Kárwanbası baxıtsızlıqtıń qaydan kelip shıqqanın ańlap, shopannıń qosqan amanatın aytadı. Temir qala bolıp turǵan, aman saqlap kiyatırǵan «shopannıń amanatı» eken – dep túsinedi.

– Olay bolsa, deydi jáne, jigit – bul ne káramat eken dep qaraqshılar meni jiberip edi, bizler de ıraydan qayttıq. Túyelerińizdi qaytıp bereyik, sizlerde táwbege kelińler, shopan biysharanıń miynet penen tawıp tapsırǵan amanatın durıs tapsırıńlar, – deydi. Kárwanbası táwbege kelip, túyelerdi alıp shopannıń da amanatın tapsırıp, shopandı kárwanına qosıp alıp, bayaǵı tillanı bólisip alıwǵa úgitlegen adamdı bayǵa shopan qılıp beripti.

Erteklerdiń ishinde hadal miynet islew kerekligi menen birge hárkimniń óz miynetine jarasa nesiybesi bolıwın uqtıratuǵın «Iyttiń nesiybesi» erteginiń tárbiyalıq áhmiyeti de júdá úlken. Ertekte ǵarrı balıq awlap tirishilik etedi eken. Hár kúni awına úush shabaq túsip, ǵarrı, kempir hám iyt úshewi bólisip jeydi eken. Bir kúni kempir ǵarrıǵa qarap:

– Tamaǵımız toymay júr, usı iytti uzaqqa aparıp taslayıq. Sonda qalǵan bir shabaqtı ekewimiz bólisip jeymiz, – deydi. Iytti alıs jerlerge alıp barıp taslaydı.

Erteńine awına tek eki shabaq túsedi. Gewgim túskenshe dáryanıń jaǵasında otıradı. Onıń da birewin shaǵal kelip, qorqıtıp alıp ketipti. Ǵarrı menen kempirge tek bir shabaq qalıptı. Tamaqları toymaptı.

– Onda iytimizdi alıp kel, onıń nesiybesi bar eken, – deydi kempir. Ǵarrı iytin izlep ketedi. Biraq, izlep-izlep, hesh jerden taba almay qaytıp keledi.

Kúndegi ádeti boyınsha shaǵal ulıwı menen kelip ǵarrını qorqıtıp, shabaqtı alıp qashadı. Ǵarrı jáne izine túsedi. Shaǵal balıqtı birese ana jerge, birese mına jerge qoyıp júre beredi, ol bolsa izinen qalmay quwa beredi. Bir jerlerge kelgende shırmawıqqa oralıp, úze almay atırǵan qırǵawıldıń shójesin ǵarrı qutqarıp alıp bir qoynına saladı. Taǵı biraz jurgennen soń ǵarrı qoyannıń gójegin uslap alıp, ekinshi qoynına saladı. Solay etip, shaǵaldıń izinen quwa beredi. Toǵaydıń ishine kirse úlken bayterektiń túbinde jatırǵan iytin kóredi. Iyt shaǵaldı tutıp alıp, ǵarrıǵa alıp keledi hám birge uyine qaytadı. Ǵarrı shaǵaldı soyıp, terisinen bas kiyim tigip aladı. Sol kúnnen baslap ǵarrınıń awına jigirmalaǵan shabaq, onlaǵan balıq túsetuǵın bolıptı. Olar bári balıqtı toyıp jepti. Ǵarrı menen kempir iytiniń sezgirligi nátiyjesinde bay-dáwletli bolıp, murat-maqsetine jetedi.

Demek, miynet insan ómiri ushın, onıń turmıs keshiriwi ushın tiykar boladı. Miynet adamlardıń bir maqset ushın sarıplagan waqtı, aqılıy hám fizikalıq kúshi yamasa zárur iskerligi bolıp tabıladı. Miynet– hárqanday materiallıq hám ruwxıy baylıqlardıń tiykarǵı deregi, sonday-aq jeke adamdı hár tárepleme rawajlandırıwdıń zárur quralı. Miynet procesinde insanıylıq ózgesheliklerdiń aktiv payda bolıwı ushın eń qolaylı shárayatlar jaratadı hám hárbir insanda ruwxıy qanaatlanıw payda boladı. Hárbir bala mektepke shekemgi jastan baslap miynette qatnasıwı zárur áhmiyetke iye.

**Talqılaw.** Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde, shańaraqta orınlanatuǵın onsha quramalı bolmaǵan hárbir tapsırma balanıń kúndelikli wazıypasına aylanıwı kerek. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde miynet tárbiyası *eki baǵdarda* ámelge asırıladı: 1) úlkenler miyneti menen tanıstırıw; 2) balalardıń ózin miynetke úyretiw. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı úlkenler miyneti menen tanıstırıw arqalı olarǵa úlkenler miyneti sociallıq jaqtan paydalı, islep shıǵarıw miyneti bolıp, materiallıq hám mánáwiy baylıqlardı jaratıwǵa qaratılǵanlıǵı haqqında anıq bilim hám oylar payda etiw, miynet hám miynet nátiyjelerin qádirlewge úyretiw, miynetke qızıǵıw hám muhabbattı oyatıw, miynet etiwge tárbiyalawda ámelge asırılıp barıladı.

Sonlıqtan da, "Dáslepki qádem" baǵdarlamasında hárbir jas topardaǵı balalar úlkenler miyneti haqqında tómendegi bilim hám uqıplılıqlarga iye bolıwı lazım. Kishi toparda: «Ayırım kásip iyeleriniń miynet processi», «Miynet procesindegi miynet háreketleri», «Miynet procesin ámelge asırıw ushın kerekli materiallar», «Belgili bir miynet procesin orınlaw ushın úskeneler», «Miynet nátiyjesi», «Insanlar miynetiniń sociallıq áhmiyeti» temalarında shınıǵıwlar alıp barıladı.

Orta toparda miynet haqqında qosımsha túsinik hám bilimler beriledi: «Háreket sıpatı haqqında», «Insanlardıń miynetin jeńilletiwshi úskeneler», «Insanlardıń miynetke muhabbatı» degen atamalarda miynetke úyretiw jumıslarıı alıp barıladı. Úlken hám mektepke tayarlaw toparında «Insanlar miynetin jeńilletetuǵın mashina hám mexanizmler haqqında», «Insanlar miyneti jámáat xarakterinde ekenligi haqqında», «Jámáát miyneti procesinde insanlardıń óz ara múnásibetleri haqqında», «Miynet qaharmanları, xalqımızdıń miynet dásturleri haqqında» jańa túsinik hám bilimler beriledi.

**Juwmaq.** Balalardıń úlkenler menen birgeliktegi miynetlerin shólkemlestiriw formaları hám mazmunına qarap hár qıylı boladı: birinshiden, tiykarǵı isti úlkenler orınlaydı, balalar qollarınan kelgenshe járdem beredi. Ekinshiden, tárbiyashı jumıstı baslap beredi, qalǵanın balalar ózleri óz betinshe dawam ettiredi. Úshinshiden, úlkenler baslap

beredi, balalar dawam ettiredi, keyin bolsa, balalar hám úlkenler birgelikte orınlaydı.

Balalar úlkenler menen birgelikte miynet etiwi arqalı miynet uqıp hám kónlikpelerin tez hám ańsat iyelep aladı, olardıń úlkenler miyneti haqqındaǵı bilimleri bayıp baradı, bunday miynet balalarǵa quwanısh baǵıshlaydı.

Demek, balalardı miynetke tárbiyalawda qaraqalpaq xalıq erteklериniń ornı ayrıqsha áhmiyetke iye.

## Ádebiyatlar


1. Alewov Ó. Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı. -Nókis: «Bilim», 1993.
2. Oʻzbekiston milliy entsiklopediyasi. –Toshkent: «Oʻzbekiston», 2005.
3. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining 2019-yil 8-maydagi «Oʻzbekiston Respublikasi maktabgacha ta'lim tizimini 2030-yilgacha rivojlantirish konseptsiyasini tasdiqlash toʻgʻrisida»gi PQ-4312-sonli Qarori.
4. Oʻzbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2020-yil 22-dekabrdagi «Maktabgacha ta'lim va tarbiyaning davlat standartini tasdiqlash toʻgʻrisida»gi 802-sonli Qarori.
5. Qaraqalpaq folklorı. 67-76 tomlar. –Nókis: «Ilim», 2014.
6. Qodirova F.R.va boshq. Maktabgacha pedagogika. -Toshkent: «Tafakkur», 2019.
7. Sodiqova Sh. Maktabgacha pedagogika. -Toshkent: «Tafakkur bo'stoni», 2018.



**REZYUME.** Maqola qoraqalpoq xalq ertaklari orqalı maktabgacha yoshdagi bolalarni mehnatsevarlikka tarbiyalashga bagʻishlangan. Maqolada bolalarning birgalikdagi mehnat koʻnikmalarini rivojlantirish, mehnat mazmunini teran anglash, mehnatga ongli munosabat, shuningdek ijtimoiy foydali harakat koʻnikma va malakalarni shakllantirish masalalari bayon etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящается воспитанию трудолюбия детей дошкольного возраста через каракалпакские народные сказки. В статье изложены развитие трудовых навыков через совместный труд, познание содержания труда, разумное отношение к труду, а также формирование социально полезного навыка и умения.

**SUMMARY.** The article is devoted to the education of diligence of preschool children through Karakalpak folk tales. The article describes the development of work skills through teamwork, knowledge of the content of work, a reasonable attitude to work, as well as the formation of socially useful skills and abilities.


# BOʻLAJAK TARIX OʻQITUVCHILARINING KASBIY KOMPETENTLIGINI RIVOJLANTIRISHNING TASHKILIY-PEDAGOGIK SHART-SHAROITLARI


**X.T.Bobonorov** – *mustaqil izlanuvchi*

*Navoiy davlat pedagogika instituti*



**Tayanch soʻzlar:** shakllanish, kompetensiya, kasbiy kompetensiya, komponentlar, kasbiy tayyorgarlik, tarix oʻqituvchisi.

**Ключевые слова:** формирование, компетенция, профессиональная компетенция, компоненты, профессиональная подготовка, преподаватель истории.

**Key words:** formation, competence, professional competence, components, professional training, history teacher.


**Kirish.** Oliy ta'limning kompetensiya sharoiti natijasida pedagogdan doimiy ravishda malaka darajasini oshirish, shaxsiy rivojlanish va kasbiy bilimlarni talab qiladigan turli faoliyat turlari yangilanadi va joriy etiladi. Kasbiy kompetentlikka kasbiy va shaxsiy komponentlar kiradi. Kasbiy komponent pedagogika sohasidagi bilimlar, ularning tajribasi asosida ta'lim va tarbiya jarayonini tashkil eta olish qobiliyatidan iborat.

Kasbiy komponent oʻquvchilarni milliy ma'naviyatini anglashda ularning xulq-atvorlarini hisobga olgan holda oʻqitish va tarbiyalashni oʻz ichiga oladi.

Boʻlajak oʻqituvchining kasbiy kompetentligining shakllanganligi kasbiy, shaxsiy komponent boʻyicha bilimlarni egallash, kasbiy vazifalarni hal qila olish, oʻzini oʻzi rivojlantirish, ijtimoiy muhitda oʻz-oʻzini tarbiya qilish koʻnikmalarini egallashda ifodalanadi [3].

Pedagogika fanining rivojlanishiga taniqli chuvash olimi G.N.Volkov katta hissa qoʻshgan boʻlib, u pedagogik adabiyotlarda birinchi boʻlib "kasbiy kompetensiya" atamasini qoʻllagan. U oʻzining ilmiy ishlarida pedagogik aksioma, umumiy qonuniyatni topdi, unga koʻra bola unga nisbatan xayrixohlik va muhabbatga ishonch hosil qilsagina shaxs sifatida rivojlanadi va madaniyatga uygʻun kirib boradi. Kasbiy kompetensiyada tarbiya jarayonining bu qonuniyati umumiylik va universallik xususiyatiga ega boʻladi [6].

**Adabiyotlar tahlili va metodlar.** Mamlakatimizda Yangi Oʻzbekistonni barpo etish maqsadiga erishishda maqsadli yoshlarga alohida e'tibor, ularning hayotning barcha jabhalarida qobiliyatini yuzaga chiqarish uchun shart-sharoit yaratib berish ustuvor va katta yoʻnalish hisoblanadi. Oliy ta'lim muassasalari talabalari – mustaqil hayotga tayyorlanayotgan faol, iqtidorli va zamonaviy bilimli fuqarolarga gʻamxoʻrlik qilishga alohida e'tibor qaratilmoqda. Ular uchun kompleks dasturlar ishlab chiqilmoqda: kasbiy bandlik orqali istiqbolli bandlikni ta'minlash; joriy kasblar va IT texnologiyalari boʻyicha oʻqitish; mazmunli dam olishni tashkil etish. Ushbu strategiya doirasida universitetlar quyidagi chora-tadbirlarni faol